



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONFIRMASYON NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN PA SENA A

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konfimasyon de nonmen nan administrasyon an pa Sena a. Yo te konfime Barbara Guinn kòm Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York epi Dr DaMia Harris-Madden te konfime kòm Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la.

"Administrasyon mwen an angaje l pou l asire nou gen yon ekip ki devwe pou travay di epi bay rezilta pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dosye alafwa Barbara Guinn ak Doktè DaMia Harris-Madden yo te pwouve ke yo nan nivo tach la, epi mwen pa gen dout ke yo pral kontinye jwe wòl sa yo avèk objektif epi avèk tout Nouyòkè yo nan lespri yo."

Yo te nonmen **Barbara C. Guinn** komisè enterimè Biwo Asistans Tanporè ak AndikapeEta a an jiyè 2023. Ajans la responsab pou yon seri pwogram ki pi enpòtan pou ede rezidan ki gen revni fèb yo satisfè bezwen debaz yo epi ede moun ki ka travay yo vin endepandan finansyèman. Guinn ap sèvi ansanm kòm komisè adjwen egzekitif, yon pozisyon li te okipe depi mas 2017. Antanke komisè adjwen egzekitif, li te dirije ajans lan avèk siksè atravè pandemi COVID-19 la, li te ede l aplike anpil nouvo pwogram asistans epi li bay ansanm plis pase 15 milya dola nan benefis adisyonèl pou ede Nouyòkè yo navige sou enpak finansye kriz sante piblik la. Anvan li te sèvi nan pòs sa a, li te komisè adjwen pou Divizyon Asistans Fanmi Entegre, ki te responsab pou devlopman politik ak sipèvizyon pwogram asistans piblik, Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), lojman sipò, asistans enèji, sèvis travay, sèvis refijye ak sèvis pansyon alimantè pou timoun. Anvan li te antre nan ajans lan, Guinn te travay pou Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York ak Divizyon Bidjè (Division of the Budget, DOB) Eta New York la.

Guinn te resevwa yon metriz nan administrasyon piblik nan Rockefeller College of Public Affairs and Policy nan University at Albany an. Li gen yon lisans tou nan syans politik ak jesyon biznis nan North Carolina State University.

**Doktè DaMia Harris-Madden** te pase 20 ane ap travay nan entèseksyon gouvènman, edikasyon, biznis ak sektè san bi likratif yo. Dènyèman li te sèvi kòm Direktè Egzekitif

Biwo Jèn nan Konte Westchester, nan biwo Egzekitif Konte a. Nan pòs sa a, li te responsab pou jere yon depatman ki deplwaye resous finansye ak teknik nan plizyè santèn pwogram ak kontraktè ki opere pa ajans san bi likratif, prive ak minisipal ki sipòte timoun, jèn ak fanmi nan 46 kominote Konte Westchester yo. Anvan li te rejwenn Biwo Jèn nan Konte Westchester a, Doktè Harris-Madden te sèvi nan kat kabinè majistra nan vil Mount Vernon kote li te elaji sèvis vil la anpil. Li te sèvi kòm yon evalyatè sibvansyon federal ak lokal ak yon evalyatè Pwogram Sant Aprantisaj Kominotè 21èm Syèk Eta New York la.

Doktè Harris-Madden te genyen plizyè diplòm, ki gen ladan yon lisans (B.A.) nan etid Angle ak Afriken Ameriken, yon Metriz nan Administrasyon Biznis (M.B.A.), yon Metriz nan Jesyon Resous Imèn (M.S. H.R.M.) ak yon Doktora nan Edikasyon ak Lidèchip Egzekitif (Ed. D.). Li se yon lidè kominotè depi lontan ki te sèvi nan plizyè konsèy pwofesyonèl.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)